

19

fevriye

Benediksyon Bondye bay moun richès. Ou te mèt travay di ou pa ka mete anyen sou li.

Pwovèb 10. 27

Dayè, nou konnen gras Senyè nou an, Jezi Kris. Li te rich, men, li te fè tèt li pòv pou nou, dekwa pou nou menm, nou ka rich akòz li menm, li pòv.

2 Korentyen 8. 9

Richès pou yon ti tan

Se te youn nan moun ki pi rich nan lemond. Gran piblik la te rekonèt li pou anbisyon san limit li, gagòt li te fè yo ak lanmou li te gen pou fè grandizè li yo. Kè l te bloke pandan li t ap dòmi, epi l te tou mouri. Senbòl kapitalis ki t ap byen mennen an nan lane kote sa t ap mache byen, li sot fete 70 lane.

Bib la rakonte nou istwa yon nonm ki te rich anpil, ki te satisfè, poutèt li te reyisi, ki te mete konfyans li nan richès li yo. Epoutan, Bondye di li : “Moun sòt ! Lannwit sa a menm, m ap mande w nanm ou. E, tout bagay ou pare yo, pou kilès y ap ye ?” (Lik 12. 20). Bondye te pran lavi l bridsoukou, lannwit sa menm. Pandan li te apiye l sou byen mennen pou yon ti tan, li te bliye Bondye ki gen richès, ki la pou toutan yo : lanmou li, padon li, lapè li, lavi etènèl, Bondye ofri nou tout gratis, grenmesi sakrifis Jezi Kris sou lakwa.

Se pa sèlman lajan, yon moun ta vle gen pou li satisfè dezi li. Men ki valè li genyen ? Jezi te denonse anpil fwa, trezò n ap anpile sou latè yo, pa vo anyen, pou li envite nou anpile trezò pou tèt nou nan syèl (Matye 6. 19, 20 ; Lik 16. 13). Li menm, menm si li rich paske li se Bondye, li te viv nan povrete pou li ka fè nou rich nan trezò lanmou li.

Lavi nou sou latè se sèlman yon vapè ki parèt pou yon ti tan e ki apresa disparèt (Jak 4. 14). Piga nou gaspiye l nan kouri dèyè tout bagay sa yo, nou va oblije kite ! Jezi, li menm, ofri nou lavi etènèl.

19 février

La bénédiction de l'Éternel est ce qui enrichit, et il n'y ajoute aucune peine. Proverbes 10. 22

Vous connaissez la grâce de notre Seigneur Jésus Christ : pour vous, lui qui était riche a vécu dans la pauvreté, afin que par sa pauvreté vous soyez enrichis.

2 Corinthiens 8. 9

Richesses éphémères

C'était l'un des hommes les plus riches du monde. Le grand public le connaissait surtout par son ambition acharnée, ses frasques et son goût pour les fêtes excentriques. Il est mort dans son sommeil d'une crise cardiaque. Symbole du capitalisme triomphant des années prospères, il venait de fêter ses 70 ans.

La Bible présente le cas d'un homme très riche qui, satisfait de sa réussite, mettait sa confiance dans ses richesses. Pourtant Dieu lui dit : "Insensé ! Cette nuit même, ton âme te sera redemandée ; et ce que tu as préparé, qui l'aura ?" (Luc 12. 20). Sa vie lui a été ôtée brusquement, cette nuit-là. Ne comptant que sur un bien-être éphémère, il avait oublié Dieu en qui sont les richesses éternelles : son amour, son pardon, sa paix, la vie éternelle, offerts gratuitement par le sacrifice de Jésus Christ à la croix.

L'argent n'est pas la seule chose qu'on désire posséder pour satisfaire ses aspirations. Mais quelle en est la valeur ? Jésus a souvent dénoncé la futilité des richesses que l'on accumule sur la terre, pour nous inviter à amasser des trésors dans le ciel (Matthieu 6. 19, 20 ; Luc 16. 13). Lui-même, bien que riche parce qu'il était Dieu, a vécu dans la pauvreté afin de nous enrichir des biens de son amour.

Notre vie terrestre n'est qu'une vapeur qui paraît pour un peu de temps et puis disparaît (Jacques 4. 14). Ne la gaspillons pas à poursuivre tant de choses que nous serons bien obligés de laisser ! Jésus, lui, nous offre la vie éternelle.